

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Métode panalungtikan mangrupa kagiatan dina wangun ngumpulkeun data, analisis jeung méré interpretasi anu patalina jeung tujuan panalungtikan. Métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun néangan data anu tujuan jeung kagunaanana pasti.

Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kuantitatif. Nurutkeun Suryadi & Darmawan (2019, kc. 60) métode panalungtikan kuantitatif mangrupa salasihiji cara pikeun mikanyaho élmu pangaweruh atawa anu disebut cara mikir kaélman. Metodologi panalungtikan kuantitatif salasihiji cara mikir anu dician ku prosés mikir sacara déduktif jeung induktif atawa anu biasa disebut “*logika-hipotetiko-verifikatif*”.

Métode anu digunakeun nyaéta kuasi ékspérimén anu miboga sifat semi ékspérimén hartina aya variabel-variabel anu sakuduna dikontrol tapi dina prak-prakanana teu dikontrol. Ieu hal ngabalukarkeun validitas panalungtik teu minuhan ékspérimén murni (Panggabean dina Sudarmansyah, Dingding, spk, 2014 kc. 5).

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Salila lumangsungna prosés panalungtikan, kamampuh siswa diukur saméméh jeung sanggeus dibéré perlakuan ngagunakeun média *wordwall*. Hasilna bisa ditinggali ku cara ngabandingkeun tés awal jeung tés ahir. Struktur désain ieu panalungtikan téh digambarkeun ngagunakeun désain *one group pretest and posttest design*. Ieu panalungtikan dimimitian ku cara méré *pretest*, tuluy ngalakukeun perlakuan (treatment) sangkan nglatih kamampuh siswa dina pangajaran nulis sisindiran kalawan ngagunakeun média *wordwall* tuluy dipungkas ku méré *posttest*.

**Tabél 3.1**  
**Desain Panalungtikan**

<i>Pre-test</i>	<i>Treatment</i>	<i>Post-test</i>
O <sub>1</sub>	X	O <sub>2</sub>

(Arikunto, 2013, kc. 124)

Katerangan :

O<sub>1</sub> : *pretest* (kamampuh nulis sisindiran siswa saméméh ngagunakeun média pangajaran *wordwall*)

X : Perlakuan/*treatment* (ngagunakeun média pangajaran *wordwall*)

O<sub>2</sub> : *posttest* (kamampuh nulis sisindiran siswa sanggeus ngagunakeun média pangajaran *wordwall*)


### 3.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIIIA di SMP Negeri 19 Bandung Taun Ajar 2022/2023. Perenahna ieu sakola di Jl. Sadang Luhur XI, Sekeloa, Kecamatan Coblong, Kota Bandung, Jawa Barat 40134. Kurikulum anu dipaké di ieu sakola nyaéta kurikulum merdéka pikeun kelas VII jeung kelas VIII jeung kurikulum 2013 pikeun kelas IX. Ieu panalungtikan dilaksanakeun di kelas VIIIA anu ngawengku 32 siswa, 20 urang wanoja jeung 12 lalaki.

### 3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan téh mangrupa léngkah-léngkah aktivitas anu dilakukeun ku panalungtik pikeun menangkeun hasil, tujuan, jeung kacindekan sacara sistematis. Pamarekan anu dipaké nyaéta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén. Désain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *one group pre-test and post-test desain*.

Prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun dina bagan saperti di handap.



**Bagan 3.1**  
**Prosedur Panalungtikan**

Prosedur panalungtikan dijéntrékeun saperti ieu di handap.

a. Identifikasi masalah

Tahapan munggaran dina panalungtikan bisa nangtukeun kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan masalah, jeung métode panalungtikan saméméh ngalaksanakeun panalungtikan. Panalungtik ngaidéntifikasi masalah ngeunaan matéri sisindiran.

b. Ngararancang alur

Tahapan kadua panalungtik nyaéta ngararancang heula alur ku cara ngarumuskeun hipotésis pikeun dadasar jeung jawaban awal tina panalungtikan.

c. Ngarumuskeun instrumén

Tahap katilu panalungtik nyieun instrumén mangrupa soal anu sarua antara *pre-test* jeung *post-test*.

d. *Pre-test*

Tahap kaopat panalungtik nyaéta ngukur kamampuh siswa dina nulis sisindiran saméméh ngagunakeun média *wordwall*.

e. Ngagunakeun média *wordwall*

Tahap kalima panalungtik nyaéta méré stimulus ka siswa ngagunakeun média *wordwall*.

f. *Post-test*

Tahap kagenep panalungtik ngukur deui kamampuh siswa dina nulis sisindiran sanggeus ngagunakeun média *wordwall*.

g. Analisis data

Tahap katujuh nyaéta ngolah data sanggeus ngagunakeun tés *pre-test* jeung *post-test*.

h. Kacindekan

Tahap kadalapan nyaéta panalungtik nyieun kacindekan tina tahapan-tahapan saacana tuluy disusun kana wangun skripsi.

### 3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téknik tés tulis. Téknik tés tulis dina ieu panalungtikan dilaksanakeun dua kali. Kahiji *pre-test* nyaéta pikeun mikanyaho kamampuh siswa nulis sisindiran saméméh ngagunakeun média *wordwall* sedengkeun *pre-test* nyaéta hasil ahir kamampuh siswa nulis sisindiran sanggeus dibéré *treatment* ku cara ngagunakeun média *wordwall*.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun tés tulis. Tés tulis digunakeun sangkan bisa mikanyaho kamampuh siswa dina nulis sisindiran. Instrumén mangrupa soal eusi ngeunaan matéri sisindiran ngawengku kana wangenan, jenis-jenis sisindiran jeung conto-conto sisindiran.

Instrumén dina ieu panalungtikan baris dijéntrékeun saperti ieu di handap.

**Tabél 3.2**

**Instrumén Panalungtikan**

Wasta :	
Kelas :	
No. Absén :	
Pék lengkepan sisindiran ieu di handap!	
<b>1. Paparikan</b>	b. Mawa kuda ka Cibabat
a. Aya manuk dina pager	.....
na sukuna aya bola	mun urang jadi pejabat
.....	.....
.....	.....
<b>2. Rarakitan</b>	
a. Rarasaan rék ka Lémbang	b. Sing getol nginum jajamu
.....	.....
.....	sing getol néangan élmu
teu nyaho téh bau hitut	.....
<b>3. Wawangsalan</b>	
a. Tempat urang nyiar élmu	b. ....
Budak pinter kudu dibéla	.....
Wangsalna : .....	Wangsalna : Topi

### 3.6 Analisis Data

Téhnik analisis data mangrupa kagiatan data tina hasil panalungtikan. Dina nganalisis data, panalungtik bisa maluruh hasil tina kamampuh siswa nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *wordwall*.

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha tahapan anu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh siswa nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *wordwall*, diantarana:

- a. Méré tanda unsur-unsur anu aya dina aspék kabasaan jeung struktur téks sisindiran anu geus dikumpulkeun.
- b. mariksa jeung meunteun hasil tina nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *wordwall* dumasar kana kritéria di handap.

**Tabél 3.3**  
**Kritéria Penilaian**

Aspék Kamampuh Nulis	Nilai	Kritéria
Eusi	27-30	Hadé pisan (Sampurna, hartina maham pisan, mekarkeun kecap koncina relevan/luyu jeung judul sarta pasualan anu dipedar)
	22-26	Cukup-Hadé (Maham, mekarkeun kecap koncina relevan/luyu jeung judul sarta pasualan nu dipedar, tapi kurang lengkep)
	17-21	Sedeng-Cukup (Pamahamanna kurang, mekarkeun kecap koncina kurang saluyu sarta pasualan nu dipedarna heureut)
	13-16	Kurang Hadé (Teu maham kana eusi, teu mekarkeun kecap konci, teu cukup pikeun diajén)
Organisasi	18-20	Hadé Pisan (Eksprési lancar, gagasan anu diébréhkeun jéntré, mundel, rapi, runtuyanna logis jeung kohésif)
	14-17	Cukup-Hadé (Éksprési kurang lancar, kurang terorganisir, tapi gagasan utama jéntré, kurang rapi, bahan anu ngarojong kawatesanan, runtuyanna logis tapi teu lengkep)
	10-13	Sedeng-Cukup (Éksprési teu lancar, gagasanna teu jéntré, runtuyan jeung mekarkeunna teu logis)
	7-9	Kurang Hadé (Heunteu komunikatif, teu terorganisir, teu cukup pikeun diajén)
Kosa Kecap	18-20	Hadé Pisan (Jembar, kecap anu dipaké éféktif, milih kecap jeung ngébréhkeun kecapna merenah, sarta ngawasa pisan pangwangunan)
	14-17	Cukup-Hadé (Kurang jembar, kecap anu dipaké éféktif, milih jeung ngébréhkeun kecapna kadang-kadang teu merenah tapi heunteu ngaganggu)
	10-13	Sedeng-Cukup (Sedeng, kurang éféktif, milih

Aspék Kamampuh Nulis	Nilai	Kritéria
		kecapna kawatesanan jeung ngagunakeun kosa kecapna sering salah anu ngabalukarkeun ma'nana ogé salah)
	7-9	Kurang Hadé (Teu éféktif, milih kosa kecap asal-asalan, pangaweruh ngeunaan kosa kecap kurang pisan, teu cukup pikeun diajén)
Penggunaan Basa	22-25	Hadé Pisan (Ngawasa pisan tata basa, saeutik kasalahan dina maké jeung nyusun kalimah jeung kecap)
	18-21	Cukup-Hadé (Maké jeung nyusun kalimahna sarta kecapna sederhana, saeutik kasalahan tata basa, teu ngaleungitkeun ma'na)
	11-17	Sedeng-Cukup (Hésé dina maké jeung nyusun kalimah sederhana, kasalahan tata basa, ma'nana teu luyu)
	7-9	Kurang Hade (Teu ngawasa dina maké jeung nyusun kalimah, teu komunikatif, teu cukup pikeun diajen)
Mekanik	5	Hadé Pisan (Ngawasa kana aturan tulisan, tapi aya sababaraha kasalahan éjahan)
	4	Cukup-Hadé (Kurang ngawasa aturan tulisan, kadang-kadang aya kasalahan éjahan tapi teu ngarobah ma'na)
	3	Sedeng-Cukup (Kurang ngawasa aturan tulisan, sering kajadian salah éjahan jeung ma'nana)
	2	Kurang Hadé (Heunteu ngawasa kana aturan tulisan, loba kasalahn éjahan, tulisan hésé dibaca, teu cukup pikeun diajén)

Nurutkeun Hartfield (Kuswari, 2010, kc. 183)

**Tabél 3.4**

**Skala Peunteun Nulis Sisindiran**

Skala	Katégori
90-100	Hadé pisan
80-89	Hadé
65-79	Cukup
55-64	Kurang
0-54	Kurang pisan

(Sugiantiningsih, 2019, kc. 303)

- c. méré peunteun kamampuh siswa dina nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *wordwall*, kalawan rumus:

$$P = \sum \text{skor siswa } X$$

Katerangan:

P = peunteun

$\sum \text{skor siswa}$  = jumlah peunteun siswa

- d. ngasupkeun peunteun saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *wordwall* kana tabél di handap.

**Tabél 3.5**  
**Format Peunteun Nulis Sisindiran**

No Absen	Aspek kamampuh nulis					P	Katégori
	A	B	C	D	E		
$\sum$							
$\bar{x}$							

Katerangan :

A = Eusi

B = Organisasi

C = Kosa Kecap

D = Adegan Kecap

E = Mékanik

P = Peunteun

$\sum$  = Jumlah Peunteun

$\bar{x}$  = Rata-rata



### 3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji hipotésis. Dina ieu panalungtikan, data diolah jeung dianalisis ngagunakeun aplikasi *SPSS (Statistical Product and Service Solution)* versi 18 anu mangrupa hiji program *software* pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistik.

#### 3.6.1.1 Uji Normalitas

Tujuan dina uji normalitas nyaéta pikeun mikanyaho data panalungtikan distribusina normal atawa henteu. Sabab, dina *Statistic Parameric* distribusi data anu normal nyaéta sarat anu mutlak jeung kudu kacumponana. Uji normalitas data bisa dilakukeun sababaraha uji statistik saperti, *Shapiro-Wilk*, *Kolmogorov-Smirnov*, *Liliefors*, jeung *Kurtosis*. Anapon hasil analisis pikeun uji normalitas dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

$H_1$  : distribusi data normal

$H_0$  : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Shapiro-Wilk* sabab data anu ditalungtik  $<50$ , ku taraf signifikan 95% ( $\alpha=0,05$ ). Kritéria ngujina saperti ieu di handap.

$H_1$  ditarima, lamun nilai signifikan (sig.)  $> 0,05$

$H_0$  ditarima, lamun nilai signifikan (sig.)  $< 0,05$ .

#### 3.6.1.2 Uji Hipotésis

Aya dua cara pikeun nangtukeun uji hipotésis. Saupama hasil uji normalitas nunjukeun hasil data anu distribusi normal, éta data dina nguji hipotésisna make *Statistic Parametric* kalawan ngagunakeun *T-test*. Sedengkeun, lamun data miboga distribusi anu teu normal, éta data diuji hipotésisna maké *Statistic non-parametric* kalawan ngagunakeun *Wilcoxon Match Paired Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria, dijéntrékeun saperti ieu di handap.

Hipotésis Alternatif ( $H_1$ ) : aya béda anu signifikan kana kamampuh nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun

média *wordwall* ka siswa kelas VIIIA SMP Negeri 19 Bandung Taun Ajar 2022/2023.

Hipotésis Nol ( $H_0$ )

: teu aya béda anu signifikan kana kamampuh nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *wordwall* ka siswa kelas VIIIA SMP Negeri 19 Bandung Taun Ajar 2022/2023.